



Pou Piblikasyon Imedya: 06/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAPOLIS MTA (METROPOLITAN TRANSPORTATION AUTHORITY) TE AKIZE YON NONM POU KRIM LAHÈN POU ENSIDAN GRAFITI NAN ESTASYON TREN PENN STATION LAN

Depatman Lapolis MTA a te Mennen yon Operasyon Enflitasyon Sekrè; Seri Grafiti Prejije yo te gen ladan yo Desen Swastika yo

Pou w Fè Rapò oswa Pote Plent Kont Patipri ak Diskriminasyon, Rele Liy Asistans Gratis la nan (888) 392-3644 oswa Tèks "HATE" nan 81336

Jodi a, Gouvènè Cuomo te anonse yo te arete yon nonm yo te sispèk ki te fè plizyè ensidan grafiti prejije nan estasyon tren Pennsylvania Station lan epi yo akize l te komèt yon seri krim lahèn, sa k ap montre New York gen zewo tolerans anvè prejije, oswa diskriminasyon sou nenpòt fòm. Arestasyon ak akizasyon sa yo souliye mezi agresif eta ap antreprann pou konbat kwasans krim lahèn ak antisemitis yo.

“Arestasyon sa a voye yon mesaj byen klè ki di nou pral investigate afon tout krim lahèn yo epi nou pral pouswiv lajistis sila yo nou jwenn ki responsab aksyon repreyansib sa yo,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Nou gen zewo tolerans anvè zak prejije sa yo, ki kanpe an kontradiksyon ak prensip nou menm Nouyòkè nou reprezante yo. Mwen aplodi Lapolis MTA (MTA Police Department) pou vijilans yo ak mezi yo pran nan investigasyon sa a.”

Yè, anketè Depatman Lapolis MTA yo, ki te deja ap mennen operasyon siveyans ki gen rapò ak jan de grafiti ak vandalizasyon krim lahèn nan twalèt gason ki nan estasyon tren Pennsylvania Station lan yo, te arete yon nonm paske yo te sispèk li t ap vandalize kabin twalèt yo. Yo te idantifye moun yo sispèk la se Pasquale Vargas, ki gen 65 an, li se moun Brooklyn. Lapolis kwè Vargas responsab pou plizyè ka grafiti prejije ki te fèt nan Penn Station lan depi 18 Fevriye

Yo te akize Vargas de uit chèf akizasyon Mefè Kriminèl Katriyèm Degre selon lwa Eta New York la. Akoz de nati ak sikonstans deli sa yo akize li a yo, y ap pouswiv yo tankou Krim Lahèn (yon Krim Klas E).

Pandan yon entèvyou avèk lapolis aprè arestasyon an, Vargas te admèt li te ekri grafiti yo epi li di li te ekri l se paske “Meksiken yo pran djòb Ameriken yo.” Lapolis sispèk

Vargas responsab tou pou grafiti ki te fèt nan Penn Station lan yo pandan plizyè okazyon depi 18 Fevriye, ki gen ladan swastika ak lòt deklarasyon ankò ki li konsa a: “KKK” ak “Meksiken Ale Lakay nou” (“Mexican Go Home”), pami lòt deklarasyon ankò, ki te ekri ak fet nwa nan de lokalite diferan.

Chèf Lapolis MTA, Owen Monaghan te di, “Lapolis MTA ak patnè fòs lapolis nou yo atravè tout eta a yo – ki gen ladan Lapolis Eta a – te envestige tout krim lahèn avèk vigè pou nou tradwi sila ki responsab yo lajistis. Pèsonn pa dwe panse yo ka yo eseye entimide popilasyon an konsa a san represyon.”

Nan kad plan siveyans ki te kòmanse mwa pase a, anketè yo te mete nan twalèt gason nan Penn Station lan yo te remake gen grafiti nan kabin twalèt kote Vargas t ap soti a. Pa te gen grafiti nan kabin twalèt la avan sa a. Anketè yo te kanpe Vargas akòz soupson vandalizasyon an epi yo te chache nan sakado li a, ki te gen ladan yon fet nwa Sharpie – menm tip yo te itilize pou degrade kabin lan.

Mezi Eta ap Pran pou Konbat Lahèn yo

Nan mwa Novanm ki sot pase a, Gouvènè Cuomo te bay lòd pou kreye yon Inite kont Krim Lahèn nan Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Unit) pou mennen ankèt epi ofri asistans bay lòt ajans fòs lapolis k ap fè ankèt sou krim lahèn potansyèl yo.

Gouvènè a te lanse tou yon liy asistans gratis pou moun ka fè rapò sou ensidan patipri ak diskriminasyon atravè tout eta a yo aprè ogmantasyon nan rapò sou diskriminasyon, menas akòz patipri, asèlman ak vyolans yo. Nou ankouraje Nouyokè ki fè eksperyans patipri oswa diskriminasyon yo pou yo rele liy asistans gratis la nan (888) 392-3644 soti 9 è a.m. rive 5 è p.m. Lendi-Vandredi oswa tèks “HATE” nan 81336. Eta a ap ofri yon prim \$5,000 pou enfòmasyon ki ede lakoz arestasyon ak kondanasyon yon krim lahèn.

Gouvènè Cuomo te kreye tou yon pwogram sibvansyon \$25 milyon pou ranfòse pwoteksyon ak sekirite nan lekòl ak sant gadri New York ki arisk krim lahèn oswa atak akòz ideyoloji, kwayans oswa misyon yo. Pwogram sibvansyon an pral founi finansman adisyonèl pou bezwen ekipman sekirite ak fòmasyon yo, epi Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services) pral jere pwogram sa a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418